

THE INTER-BOROUGH EXPRESS



Metropolitan Transportation Authority
Construction & Development

Kesyon Moun Poze Souvan sou Interborough Express (IBX)

ENFÒMASYON & APÈSI SOU IBX

Kisa Interborough Express (IBX) ye?

IBX la t ap kreye nouveau transpò piblik ant Brooklyn ak Queens, sa ki t ap pèmèt gen pi bon koneksyon transpò piblik nan kominote yo soti Bay Ridge rive Jackson Heights. Sa t ap amelyore aksè ak jiska 17 liy tren, plizyè douzèn wout bis, ak Long Island Rail Road (LIRR).

Ki kantite pasaje yo prevwa pou sèvis sa a?

Yon etid yo te fè okòmansman montre ap gen pou pi plis 115,000 pasaje chak jou pandan jou nan semèn nan, sa k ap bay anviwon 40 milyon chak ane.

Kiyès k ap benefisyé pwojè sa a? Ki ogmantasyon yo prevwa? Èske ogmantasyon sa konsidere ogmantasyon akoz pwojè IBX la?

Gen 900,000 moun ki abite nan ti zòn sa a ak 260,000 moun k ap travay nan yon distans ki rive jis nan $\frac{1}{2}$ mileyaj distan pou ale nan liy la. Disi 2045, New York Metropolitan Transportation Council (NYMTC) prevwa pral gen yon ogmantasyon 41,000 moun ki abite la a ak 15,000 travay. Moun sa yo ki abite nan zòn nan ak moun k ap travay yo pral pwofite amelyorasyon nan aksè pou ale nan travay ak lòt kote nan Brooklyn, Queens ak lòt kote nan rejon an.

Pwojè a ap sitou nan avantaj moun ki bezwen vwayaje nan ti zòn nan. Plis pase 55% moun ki rete Brooklyn yo ap viv nan zòn ki gen travay nan Brooklyn, epi 40% moun k ap viv Queens yo ap viv nan zòn ki gen travay nan Queens. Pwojè a ap amelyore egalite nan rezo transpò nou an tou. Prèske twa ka moun ki abite nan ti zòn nan se moun po fonse, 19% ladan yo nan nivo ki pi ba pase limit povrete a, e 50% nan fanmi yo pa posede yon machin. Anplis de avantaj dirèk sa yo, ogmantasyon nan aksè transpò a ka pral diminye blokis sou wout yo nan kominote yo.

Pou kiyès liy ki la déjà yo ye?

Pati sid liy la (11 mileyaj distans) se pou MTA Long Island Rail Road. Pati nò a (anviwon 3 mileyaj distans) se pou CSX. Liy ki nan mitan toulède a nan Fresh Pond Yard nan Queens.

Nan ki nivo pwojè a ye? Sou kisa y ap baze pou yo di pwojè a ap avanse?

Nan mwa janvye 2024, Gouvènè Hochul te anonsé 45 milyon dola pou kreyasyon plan IBX la, e w ka apran plis sou sa sou <https://www.governor.ny.gov/news/governor-hochul-announces-highlights-fy-2025-budget>.

Kapasite Gouvènè a pou l pran latèt nan pwojè sa a pèmèt planifikasyon esansyèl sa a avanse.

Nan kad Evalyasyon Ventan MTA a, nou te fè yon evalyasyon ki baze sou konparezon pou pwojè agrandisman sistèm nan pou nou konprann ki pwojè ki t ap gen pi gwo enpak sou rejon an. Demach sa a te evalye konbyen sa ap koute ak avantaj k ap gen nan pwogè agrandisman sistèm nan pou ede nou pran desizyon ki pi entèlijan, ki pi byen reflechi anrapò ak transpò piblik nan rejon an. Analiz sa a te montre IBX gen kapasite pou l kore

vizyon byen kalkile MTA genyen an. Ansanm ak lòt pwojè nan nivo planifikasyon, IBX pral pase nan etap analiz enpak sou anviwònman an, pou yo ka wè konbyen sa ka koute, avantaj ak ris yo.

Ki kalite apwobasyon ki pral obligatwa pou konstwi pwojè sa a?

Nou atann nou n ap bezwen apwobasyon Federal, Eta a ak lokal yo.

WOUT AK ESTASYON IBX

Ki wout yo pwopoze pou IBX?

Pwopozisyon pou IBX la (jan sa parèt sou foto a) t ap fè vwayaj nan liy ki la deja a nan yon demi wonn ant pati sid ak lès Brooklyn ak santral Queens, k ap konekte katye ki gen moun orijin ak mwayer ekonomik diferan ki nan Sunset Park, Borough Park, Kensington, Midwood, Flatbush, Flatlands, New Lots, Brownsville, East New York, Bushwick, Ridgewood, Middle Village, Maspeth, Elmhurst ak Jackson Heights, k ap gen plizyè nouvo estasyon nan, nan kominote ki pa jwenn sèvis tren.

Èske IBX t ap ka kontinye pi lwen pase Jackson Heights, pou Bronx ladan I tou?

Kontinye nan nò estasyon ki pwopoze nan Jackson Heights la t ap enplike menm pasaj ki pral itilize pou aksè Metro-North Penn Station nan, yon pwojè ki se gwo priyorate MTA ak pou Bronx. Aksè Penn Station nan pral kreye kat nouvo estasyon Metro-North nan Lès Bronx ak sèvis pou ale Manhattan ak Westchester ak Connecticut, k ap itilize Liy Amtrak Hell Gate la ki deja egziste nan Bronx ak Queens. Kontra konstriksyon aksè Penn Station nan te jwenn yon rekonpans nan fen 2021 epi yo prevwa pou sèvis yo kòmanse nan ane 2027. Kòm rezulta, planifikasyon wout pou IBX la pral konsantre sou pati nan liy la k ap ka amelyore san I pa deranje Pwojè Aksè Penn Station Metro-North la.

Ak aksè Penn Station nan, Liy Hell Gate la ki konekte Bronx pral attèn kapasite I, paske tren ki fè trajè ant vil yo ak tren machandiz CSX yo itilize liy sa tou. Li pa t ap posib pou nou ajoute yon lòt sèvis ki la souvan tankou IBX la sou enfrastrikti ki la deja a. Donk, pou nou pwolonje IBX la pou rive jis Bronx, sa t ap mande konstriksyon yon nouvo pon ak liy paralèl ann antye ki gen gwo depans (akoz enpak kote a, jan I fèt ak pri konstriksyon an.)

Èske nou ka ajoute yon arè nan Ayewopò LaGuardia a?

Objektif pwojè IBX la gen ladan I pou I amelyore sèvis transpò publik la pou abitan yo ak moun k ap travay ki pran transpò nan tout Brooklyn ak Queens, tout pandan y ap itilize yon gwo tren ki deja nan zòn nan. Byenke nou konprann Port Authority nan New York ak New Jersey ap analize opsyon pou gen yon aksè transpò publik ki ale Aewopò LaGuardia nan moman an, pwojè IBX la pap anpeche kapasite pou yo bay yon koneksyon nan ayewopò a alavni.

Èske pwojè IBX la pa ta ka konekte ak Staten Island?



Pa gen okenn wout ant aliyman IBX la ak Pon Verrazano-Narrows la epi pon an pat konstwi yon fason pou fè tren pase sou li.

Konbyen estasyon IBX ap genyen?

Nan moman an nou pwopoze 19 estasyon sou 14 mileyaj distans nan ti zòn nan ant Brooklyn Army Terminal ak Roosevelt Avenue ki nan Queens.

Èske nou fin deside sou kote estasyon yo ap ye?

Rapò Planning and Environmental Linkages la ki te soti an 2023 a te idantifye 19 anplasman pou estasyon yo te chwazi dapre kantite moun k ap pran transpò a, jan l ap konstwi, ak espas pwojè a. Travay pou trase plan estasyon sa yo p ap kòmanse anvan fen 2024. N ap fin ak estasyon yo nan etap teknik la, e nou ankourage moun kontinye di sa yo panse.

FONKSYÒNMAN, TRANSFÈ, AK PRI TIKÈ IBX

Nan ki frekans sèvis ki pwopoze a ap fèt?

Nou poko kòmanse planife yon fonksyònman an, men sèvis ki pwopoze a ka fonksyone chak 5 minit nan moman gen anpil aktivite, e ka gen plis tan atant pandan lè ki pa gen anpil aktivite yo, menm jan ak lòt transpò publik.

Ak konbyen lòt liy MTA li pral konekte?

- **Tren:** Jiska 17 liy tren (N/R/D/B/Q/2/5/L/3/J/Z/A/C/M/7/E/F)
- **Otobis:** 51 wout bis ki gen nan moman an
- **Long Island Rail Road:** Koneksyon nan estasyon Atlantic Ave/East New York

Ki pri IBX la ap ye?

Komite MTA a ap responsab pou l fikse pri yo nan moman yo pral mete l sou pye a. Men, nou prevwa pou pri a menm ak pri bis ak tren yo an jeneral epi metòd pèman an ap respekte sistèm pèman MTA genyen pou bis ak tren yo nan moman an, tankou OMNY oswa lòt sistèm pèman ki pral gen alavni.

Èske estasyon IBX yo ap konekte dirèkteman ak transpò publik la? Kijan transfè yo pral fonksyone?

Nou prevwa pou IBX la pèmèt transfè gratis e ki fèt san pwoblèm menm jan sa fèt nan moman an ant tren an ak liy bis yo. Nou gen pou nou deside sou ki kote estasyon yo ap ye ak transfè k ap disponib pou lòt sèvis yo. Estasyon IBX yo ap gen anplasman k ap twouve yo nan sa k egziste deja yo. Donk, estasyon IBX yo ka pa konekte dirèkteman ak lòt estasyon transpò publik yo. W ap ka itilize OMNY pou w tape pou w peye IBX e pou transfè ki konekte ak liy bis ak tren yo ou ka itilize OMNY ankò. N ap fè anpil atansyon lè n ap fè plan estasyon an ak fasilité transfè yo pandan etap kreyasyon plan an.

MODÈL IBX AK KALITE RAY

Ki mòdèl MTA ap fè pwogrese, e poukisa?

Pwojè IBX la chwazi Light Rail Transit (LRT) pou modèl li. Pandan etid Planning & Environmental Linkages, yo te wè LRT travay pi byen pase Ray Conventional Rail and Bus Rapid Transit (BRT). Pou yo fè konklizyon sa a, men ki detay yo te evalye:

- **Sèvis:** LRT se opsyon ki pi rapid la e l ka reponn totalman ak egzijans pasaje a, sa BRT pa ka fè. BRT gen difikilte nan fonksyònman l paske l t ap bezwen al vire sou lari Jackson Heights yo.



- Pri a pi bon:** LRT se yon mwayen transpò ki bay plizyè opsyon ki t ap pèmèt operasyon nan pati nan ti zòn nan ki gen plis restriksyon, sa gen ladan I tinèl East New York, e l respekte tout egzijans anrapò ak dife ak pwoteksyon lavi. Nou ka achte machin Light Rail yo "tou pare pou sèvi" san nou pa fè gwo chanjman e nou ka chwazi pamì yon pakèt opsyon vandè kontrèman ak materyèl tradisyonèl MTA gen pou l sèvi yo.
- Valè:** Conventional Rail koute pi chè lontan pou yo konstwi, e BRT pa ka transpòte tout kantite pasaje sa yo, sa ki fè l vin pi chè pou transpòte yon gress pasaje kontrèman ak LRT.
- Kòmantè Biblik la fè:** Nou te resevwa plis pase 1,000 sou sit pwojè MTA a. Tandans kòmantè yo montre moun yo prefere yon opsyon ray lontan nan ti zòn nan.

Èske IBX ap sèvi ak tren lejè olye I sèvi ak machin tren yo?

Tren lejè koute pi bon mache, li ale pi rapid, nou ka achte machin Light Rail yo "tou pare pou sèvi" san nou pa fè gwo chanjman e nou ka chwazi pamì yon pakèt opsyon vandè kontrèman ak materyèl tradisyonèl MTA gen pou l sèvi yo. Tren lejè a bay plis opsyon tou paske I ka fonksyone nan plizyè anviwònman. Pou n fini, lè nou avanse ak modèl sa a, MTA pral itilize dènye teknoloji ak ekipman machin pou bay kliyan nou yo yon eksperyans modèn.

Èske ou panse pase nan lari nan Metropolitan Avenue an? Kijan w ap fè garanti sèvis ki fyab ak posibilité pou gen sikilasyon sou lari?

Youn nan prensipal avantaj LRT la se kapasite I genyen pou l fonksyone nan plizyè anviwònman, sa gen ladan I yon ti zòn presi ak nan rezo lari lokal la. MTA pa kwè si yo fè plan yon fason pou l pase sou lari yo sa t ap diminye vitès ak fyabilite.

Ou ka jwenn egzanp tren lejè ki pase sou lari nan monn nan, si nou ale byen lwen nan zòn Melbourne, Ostrali ak toupre la nan Jersey City. Nan zòn sa yo ak nan anpil lòt, tren yo fonksyone san danje e yon fason efikas nan anviwònman lari a ak siyal ak tretman wout ki apwopriye. Asire nou fason nou trase chemen nan lari yo byen fèt se yon domèn nou konsantre ki enpòtan anpil nan pwochen etap nan kreyasyon plan an. Tout opsyon yo ret ouvri nan kad kreyasyon plan pwojè a. Vitès ak fyabilite esansyèl pou pwojè a, e MTA pran angajman pou l chèche opsyon plan ki rezonab.

KONSTRIKSYON, DAT AK FINANSMAN IBX

Kijan pwojè a pral konstwi, epi èske konstriksyon an pral gen enpak?

Piske nou fèk kòmanse etap planifikasyon pwojè a, nou poko deside sou metòd konstriksyon an, detay yo ak efè sa ka genyen yo. Pandan n ap planifye pwojè a, n ap travay pou nou fè tout sa nou kapab pou nou diminye enpak konstriksyon an ka genyen sou kominate ki nan zòn nan, epi n ap pataje tout plan sa yo nan rankont nou gen pou n fè yo.

Pifò IBX la pral konstwi sou pasaj tren ki egziste deja, ki gen sèvis transpò machandiz ki fèt la souvan. Kreye sèvis pou pasaje pral mande pou nou rekonstwi pon ak espas pou moun monte nan anplasman ki nan tout zòn nan. Ekip ki responsab pwojè a pral rankontre otorite nan zòn nan ak gwoup ki nan kominate a pou kreye plan konstriksyon k ap diminye pwoblèm ki ka poze yo pandan y ap balanse depans epi y ap konsidere sat ki prevwa yo. Ekip ki responsab pwojè a pral rete konekte ak kominate a pandan tout dewoulman pwojè a. Pral gen anpil rankont publik ki pral fèt pou Brooklyn ak Queens ak a distans pandan pwoesisis planifikasyon an ak etap konstriksyon pwojè sa a pou pataje detay ak enpak konstriksyon an.

**Èske gen byen moun yo pral achte?**

Pwojè a ap fèt prensipalman nan pasaj MTA ak CSX yo, epi yon etid yo te gentan fè montre yo prevwa achte yon kantite byen ki p ap anpil ditou, men gen kèk ki posib. Yo pral fè plis etid teknik pou yo ka wè ki byen yo ka achte.

Ki dat pwojè a? Kilè konstriksyon an ap kòmanse e konbyen tan I ap dire?

N ap kòmanse ak pwosesis analiz enpak sou anviwònman an nan ivè 2023-2024, sa ki konn abitye pran dezan. N ap eseye kòmanse travay kresyasyon plan an ansanm ak pwosesis enpak sou anviwònman an. Si pwojè a jwenn finansman nan kad yon pwogram enfrastrikti alavni, nou ka bay yon kontra konstriksyon apre pwosesis kreyasyon plan an.

Èske konstriksyon ki ka fèt la (si nou jwenn finansman) ap gen moun lokal ak MWBE pou travay ladan I?

Kounye a pwojè MTA yo ka konsidere anboche moun lokal, e se yon bagay n ap eseye fè nan lòt pwojè. Met sou sa, pwojè MTA yo fikse objektif MWBE.

Konbyen kòb pwojè sa a koute e ki kote n ap jwenn kòb sa a?

Nou prevwa I ap koute 5.5 milya dola pou n konstwi IBX la (sa dola ap vo an 2027). Grasa pakèt moun k ap monte I yo (nou prevwa 115,000 moun ap pran I chak jou nan semèn) ak depans ki pa wo pou konstwi I la, Light Rail ofri pi bon valè, ak yon pri \$48,000 pa moun k ap monte I pa jou.

Kote n ap jwenn lajan pou n finanse pwojè sa a?

Nan mwa janvye 2024, Gouvènè Hochul te anonce 45 milyon dola pou kreyasyon plan sou Interborough Express, e w ka aprann plis sou sa sou <https://www.governor.ny.gov/news/governor-hochul-announces-highlights-fy-2025-budget>. Finansman sa a se yon pwochen etap ki enpòtan pou n avanse ak pwojè a. Pou finansman konplè pwojè a, nou pa bloke okenn sous pou nou jwenn lajan nan moman an, e n ap suiv pwosedi federal yo pou nou asire nou n ap toujou ekalifye pou nou jwenn lajan pwojè lwa sou enfrastrikti a mete disponib, tankou pwogram finansman pwojè ki gen plizyè modèl yo (transpò machandiz/pasaje).

Met sou sa, IBX fè pati pwosesis evalyasyon ki baze sou konparezon MTA ap fè nan moman an pou yon entegrasyon posib nan pwogram enfrastrikti 2025-2029 MTA a. Pwosesis sa a pral evalye pwojè a nan yon seri mezi tankou kantite pasaje, pri, orè transpò, kapasite, ak avantaj rezo yo. Pwosesis sa a enfòme Evalyasyon Bezwè Ventan an (<https://future.mta.info>), yon evalyasyon final ki analize avantaj ak konbyen envestisman pou avanse nan pwoche Pwogram Enfrastrikti a ap koute. Si nou wè kot finansman ap soti e MTA deside avanse ak pwojè sa a, I ap entegre nan pwochen Pwogram Enfrastrikti yo.

SEKIRITE, AKSÈ, AK AMELYORASYON POU PYETON AK BISIKLÈT SOU IBX**Èske estasyon ak mwayen transpò ki sou liy nan ap bay aksè ak ADA?**

Wi, tout estasyon yo ak mwayen transpò yo ap bay aksè pou tout pasaje yo nèt.

Ki amelyorasyon k ap genyen pou bisiklèt ak pyeton nan kad pwojè sa a?

Nan mwa janvye 2023, MTA te pibliye yon plan aksyon ki byen kalkile pou amelyore aksè ak bisiklèt, pyeton, ak ti deplasman nan rezo nou an, sa gen ladan I nan tren an ak tren nan anviwon yo, estasyon bis, ak pon, ou ka jwenn sou <https://new.mta.info/bike-micromobility-strategic-action-plan>.



MTA kontan pou posibilité divèses-modèl ki asosye ak pwojè sa a, epi nou angaje nou pou nou fè l pi fasil pou kliyan nou yo gen aksè ak sistèm nan si yo vle mache oswa itilize bisiklèt. Nan etap nou ye nan planifikasyon an, nou poko deside sou amelyorasyon presi k ap gen pou bisiklèt ak pyeton yo nan pwojè IBX la. Men, nou prevwa fè tout sa nou kapab pou nou mete koneksyon pyeton ansanm ak aksè bisiklèt ak pakin nan estasyon yo.

KONSEVASYON & PLANIFIKASYON AK WOUT TREN MACHANDIZ KI LA DEJA

Ki liy yo itilize nan moman an, epi kòman sa ap gen enpak sou pwojè IBX la?

Nan moman an y ap itilize liy lan kòm wout pou tren machandiz, kote jiska twa tren pase pa jou sou pati pa MTA a. Se New York & Atlantic Railway (NYAR) ki jere sèvis transpò machandiz sou pati sa a, ki fè echanj ak CSX, Providence and Worcester (P&W), epi ak wagon New York New Jersey Railroad (NYNJR) yo, ki sèvi plizyè kliyan ki transpòte machandiz dirèkteman sou liy la. Sèvis pasaje IBX la ap fèt yon fason pou l pataje espas sa a ak tren machandiz la alavni san pwoblèm.

Nou konprann gen enkyetid sou kalite vi konsènan sèvis transpò machandiz la sou wout ki pou MTA yo, e nou angaje nou pou nou abòde pwoblèm sa yo. Gen lajan ki disponib epi nou kontinye ap chèche plis mwayen pou nou ofri mwayen transpò machandiz ki kreye mwens emisyon ak mwens bri. Met sou sa, nan kad pwojè Interborough Express la, nou vle amelyore pasaj la pou ka gen mwens deranjman nan transpò machandiz yo.

Nan ki sans pwojè a gen rapò ak pasaj ki pou CSX la (ki pote non Freemont Secondary tou)?

Anviwon twa kilomèt pati nò liyman IBX la (soti nan zòn Fresh Pond Yard pou rive Jackson Heights, Queens) lokalize l nan yon pati nan pasaj yo konnen sou non Freemont Secondary ki pou wout tren CSX la. MTA angaje l pou l kolabore ak CSX pou nou jwenn yon antant ki pèmèt nou fonksyonne nan pasaj yo a nan yon fason k ap ajoute sou operasyon transpò machandiz yo gen kounye a ak sa yo pral genyen.

Nan ki fason IBX gen enpak sou Pwogram Etid program Cross-Harbor Freight?

Port Authority of New York and New Jersey (PANYNJ) kontinye travay sou pwòp pwojè pa yo ki pote non Cross Harbor Freight Program (CHFP), ki la pou amelyore deplasman machandiz yo nan pò New York la nan rejyon east-of-Hudson ak west-of-Hudson. Nan kad pwojè apa PANYNJ sa a, ka gen tren machandiz anplis k ap fè trajè yo sou wout separe ki twouve yo bò kot pwojè IBX MTA a. IBX la ap fèt yon fason pou l pa bloke pwojè CHFP a, epi MTA ak PANYNJ angaje yo pou yo kolabore ansanm pou asire yo fason pwojè a ap konstwi a ak operasyon yo pa deranje youn lòt. W ap ka jwenn plis enfòmasyon sou pwojè CHFP a sou <https://www.panynj.gov/port/en/our-port/port-development/cross-harbor-freight-program.html>.

Konbyen platfòm k ap genyen, epi èske IBX bezwen ajoute nouvo platfòm?

Y ap konstwi de nouvo flatfòm pou pasaje pou sèvis tren IBX la, ak trafik machandik k ap fèt sou platfòm nan espas la ki la pou sa.

FASON PIBLIK IBX LA ENPLIKE AK LÒT ETAP YO

Ki pwochen etap pwojè a, sa gen ladan l konbyen tan l ap dire?

Nou prevwa kòmanse pwosesis enpak nou anviwònman an nan lane 2024. Objektif analiz enpak sou anviwònman an se pou fè yon evalyasyon pwojè IBX la epi esplike rezulta sa yo. Pandan pwosesis sa a, n ap bay plis esplikasyon e n ap analize kòmantè w fè grasa sansibilizasyon piblik la ak odyans.



Nou prevwa tou pou nou kòmanse pwosesis kreyasyon plan an nan fen 2024 oswa nan kòmansman 2025, pwosesis sa dire youn oswa dezan. Si IBX wè pwojè a ka konstwi, MTA pral bezwen jwenn lajan pou konstriksyon an. MTA ap angaje l ak kominate a, otorite yo ak moun ki fè pati pwojè a pandan dewoulman an pou yo asire yo y ap tandem kòmantè moun yo fè.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon ki fèt déjà yo ak sa ki gen pou fèt yo?

MTA te organize twa evènman Konferans Piblik an pèsòn nan 19 me, 22 septanm, ak 16 out 2023, ak yon seri Rankont an pèsòn tout moun ka vini ant novanm 2023 ak janvye 2024. Ale sou <https://new.mta.info/ibx> pou w jwenn enfòmasyon sou rankont ki fèt déjà yo ak anons sou reyinyon ki gen pou fèt yo. Ou ka voye kesyon w yo ak kòmantè w yo nenpòt lè pa imel nan: IBXOutreach@mtacd.org